


Maladi Coronavirus 2019 (COVID-19)

Fèy Enfòmasyon



Nouvo Coronavirus 2019 (COVID-19) la se yon maladi respiratwa. Li koze pa yon coronavirus. COVID-19 pwopaje nan Etazini, enkli Maine.


Siy ak Sentòm ki Komen



Lafyèw oswa
Frison



Tous




Souf Kout ak
Pwoblèm
Respirasyon



Mal Tèt

Lòt sentòm ka gen ladann, fatig, misk ak kò fè mal, nouvo pèt sansasyon gou oswa sant, mal gòj, konjesyon oswa nen k ap koule, kè plen oswa vomisman, ak dyare. Sentòm yo ka kòmanse 2 a 14 jou apre ekspozisyon ak viris la. Maladi yo rapòte yo varye ant lejè a grav.


Granmoun aje ak moun ki gen kondisyon medikal ki kache tankou maladi kè oswa poumon oswa dyabèt sanble gen pi gwo risk pou devlope konplikasyon ki pi serye nan COVID-19. Maladi grav ka lakoz nemoni, ensifizans ren, ak lanmò.



Rele founisè swen sante w si w gen sentòm. Fè yo konnen si w te gen kontak ak nenpòt ka COVID-19. Si w bezwen swen medikal, tanpri rele etablisman swen sante a AVAN w ale.


Pou enfòmasyon sou kote pou w al fè tès la, tanpri vizite www.maine.gov/covid19/restartingmaine/keepmainehealthy/testing.

Kijan COVID-19 la Pwopaje



- Li ka pwopaje fasil soti nan yon moun ale nan yon lòt
- Pataje plis nan kontak sere (nan espas 6 pye)
- Li kapab pafwa pwopaje pa ekspozisyon nan viris la nan ti gout ki rete nan lè a lè moun pale
- Li pwopaje mwens nan kontak ak sifas ki kontamine
- Li pwopaje raman ant moun ak bèt


Prevansyon pou COVID-19



Kenbe distans fizik (omwen 6 pye) ak moun ki pa rete lakay ou



Mete yon mask ki kouvri nen ak bouch ou



Evite gwo rasanbleman ak plas piblik ki gen anpil moun




Lave men w avèk savon ak dlo pou omwen 20 segonn

Itilize dezenfektan ki gen baz alkòl avèk omwen 60% alkòl si pa gen savon ak dlo ki disponib. Ou dwe kouvri bouch ou tou avèk yon mouchwa an papyè oswa andedan koud bra w lè w ap touse ak estène.

Pa gen tretman espesik pou COVID-19. Pifò nan moun yo rekipere lakay yo.

Pou Plis Enfòmasyon ,Vizite:



1. www.maine.gov/dhhs/coronavirus
2. www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html
3. www.who.int/health-topics/coronavirus
4. wwwnc.cdc.gov/travel (U.S. CDC's Travelers' Health Page)

Ou ka rele CDC Maine nan 1-800-821-5821.